

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### A. Kacindekan

Dumasar kana déskripsi nu aya dina bab IV bisa dicindekkeun dina hal ieu di handap.

1. Watek palaku Si Kabayan dina dongéng téh aya 17, nya éta (1) loba ékol, (2) kedul, (3) jahat, (4) resep ngalamun, (5) bodo, (6) jalir jangji, (7) wijaksana, (8) sirik, (9) hormat, (10) handap asor, (11) basajan, (12) bageur, (13) pedit, (14) borangan, (15) pinter, (16) *kratif* jeung (16) licik. Salian ti miboga watek Si Kabayan ogé miboga ajén falasifah hirup (1) salaku (2) pribadi, (3) patali jeung Pangéran, (4) masarakat, (5) waktu, (6) tempat, sarta (7) hontalan kasugemaan lahir batin.

Disawang tina frekwensina watek Si Kabayan anu panglobana nya éta watek bodo kapanggih dina 15 dongéng (50%), kadua watek kedul kapanggih dina 8 dongéng (26,6%), katilu watek wijaksana kapanggih dina 6 dongéng (20%), kaopat watek jahat kapanggih dina 5 dongéng (16,6%), kalima watek bageur kapanggih dina 3 dongéng (10%), kagenep watek loba ékol jeung basajan masing-masing kapanggih dina 2 dongéng (6,6%). Sarta watek anu pangsaeutikna nya éta watek resep ngalamun, sirik, hormat, handap asor, pedit, borangan, pinter, *kratif* jeung licik masing-masing kapanggih dina hiji dongéng (3,3%)

2. Ajén falasifah hirup nu kapanggih dina dongéng Si Kabayan aya genep rupa, nya éta (1) salaku pribadi, (2) patalina jeung Pangéran, (3) patalina jeung masarakat, (4) patalina jeung waktu, (5) patalina jeung tempat, jeung (6) patalina jeung hontalan kasugemaan lahir batin. Tina genep ajén falasifah

hirup téh anu panglobana patali jeung masarakat aya dina 24 dongéng (80%), kadua patalina jeung tempat aya dina 20 dongéng (66,6%), katilu patalina jeung waktu aya dina 12 dongéng (40%), kaopat patalina salaku pribadi aya dina 9 dongéng (30%), kalmia patalina jeung hontalan kasugemaan lahir batin aya dina 2 dongéng (6,6%), jeung kagenep patalina jeung Pangéran aya dina 1 dongéng (3,3%)

### **B. Saran**

Sangeus ditepikeun kacindekan ngeunaan watek Si Kabayan jeung ajén falasifah hirupna, aya sawatara saran nu perlu diébréhkeun.

1. Ieu panalungtikan téh kakara nganalisis watek palaku jeung falasifah hirup Si Kabayan sarta sumberna ngan hiji buku kumpulan dongéng. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu nganalisis struktur intrinsik jeung pamarekan séjén kana dongéng Si Kabayan anu sumberna rupa-rupa.
2. Ieu panalungtikan murni analisis watek palaku jeung falasifah hirup Si Kabayan. Masih perlu panalungtikan dongéng Si Kabayan séjénna anu dianalisis pikeun kaperluan bahan ajar aprésiasi sastra.